



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools

Alberto M. Carvalho

Miami-Dade County School Board

Perla Tabares Hantman, Chair

Dr. Martin Karp, Vice Chair

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Dr. Lawrence S. Feldman

Dr. Steve Gallon III

Lubby Navarro

Dr. Marta Pérez

Mari Tere Rojas

27 fevriye 2018

Chè Paran Lekòl Leta Miami-Dade County:

Nan dat 14 fevriye, kominote Broward County a te fè eksperyans yon trajedi penib nan Lekòl Segondè Marjory Stoneman Douglas. Atravè zak vyolans san sans sa a ki te fèt nan sanktyè yon biling lekòl, 17 elèv ak anplwaye te pèdi lavi yo. Plizyè douzèn lòt moun te blese, e sa kite anpil lòt twomatize emosyonèlman akoz evènman ki te pase jou sa a.

Nou dirije panse nou pou gerizon ak rekonfò pou fanmi viktим yo pandan nou tout kanpe ansannm an solidarite avèk elèv, paran, pwofesè, ak anplwaye nan "Broward County Public Schools (BCPS)" (Lekòl Leta Broward County). Manm Ekip Kriz Distri nou an, ki gen ladan sikològ, travayè sosyal, ak konseye fanmi yo, ap bay elèv BCPS ak fanmi yo sipò adisyonèl.

Apre evènman trajik sa a, M-DCPS te fè yon revizyon detaye sou pwotokòl sekirite ak pwoteksyon I ap aplike nan lekòl li yo aktyèlman. Pandan nou kwè lekòl nou yo pam andwa ki gen plis sekirite pou timoun, nou rekonèt toujou gen plas pou nou fè amelyorasyon, patikilyèman lè sa enplike pwoteksyon timoun. Pakonsekan, n ap kontinye idantifye e enplemante amelyorasyon estratejik yo.

Anplis, kòmanse imedyatman, nou mande pwofesè pou yo klete pòt salkas yo pandan jounen lekòl la pou anpeche moun antre san otorizasyon. Nenpòt moun k ap antre nan yon salkas apre klòch la fin sonnen dwe gen yon kle oubyen frape pou li antre. Anplis, nou ap mande pou tout elèv, pwofesè, ak anplwaye nan lekòl mwayen ak segondè pou mete idantifikasyon lekòl la sou yo. Nou ap kòmanse avèk mezi sa a nan pwochen semèn yo. Nou ap evalye tout lekòl pou diminye pwen antre nan kanpous lekòl la, e nou ap revize pwotokòl ki gen rapò ak egzèsis e "lockdown" (fèmen lekòl nan moman ensidan). Nou ap re-pozisyone tout resous aplikasyon lalwa ak sante mantal nan etablisman lekòl yo. Plis toujou, nou bay nouvo direktif definitif ki gen rapò ak pèfòmans anplwaye sekirite lekòl, ki egzije pou tout anplwaye sekirite - san eksepsyón - mete inifòm idantifyab pou ogmante vizibilite nan kanpous lekòl la.

Depatman Polis Lekòl Leta Miami-Dade County pran tout menas kont lekòl oserye, yo ap envestige chak imedyatman pou detèmine si menas la vrè e idantifye moun fè l la. Nou ap ogmante komunikasyon avèk paran yo atravè itilizasyon mesaj tèks pou bay enfòmasyon ak notifikasiyon sou menas yon fwa menas la fin pase. Silvouplè tcheke avèk lekòl pitit ou a pou asire enfòmasyon sou kontak ou yo kòrèk e ajou.

Lidè lokal, tankou Majistra Miami-Dade County Carlos A. Gimenez ak Avoka Eta Miami-Dade Katherine Fernandez- Rundle, met ansanm ak Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl la Perla Tabares Hantman e mwen menm pou ekri yon lèt ansanm e voye l bay moun ki ap fè lwa yo pou n ka jwenn solisyon alontèm pou amelyore sekirite elèv. Pami demand nou fè yo genyen yon \$30 milyon dola adisyonèl nan finansman eta a pou sekirize plis ofisyel resous lekòl ak pwofesyonèl sante mantal, evalye e amelyore enfrastrikti lekòl yo, e amelyore teknoloji siveyans atravè ajans aplikasyon lalwa yo.

Pa gen dout, evènman ki rive resamman nan Broward County a devaste kominote nou an ak tout peyi a. Pandan nou ap sere nan bra nou pi pre moun nou renmen yo e eseye jwenn gerizon pou trajedi sa a, mwen vle asire w sekirite elèv ak anplwaye lekòl yo rete pi gwo priyrite nou. Ou ka sipòte nou pou pwoteje lekòl nou yo nan rapòte kèlkeswa aktivite ki sispek nan rele 305-995-COPS (2677) oubyen 305-471-TIPS (8477). Sonje, si w wè yon bagay di yon bagay.

Mwen kwè atravè efò kolektif nou yo, nou ka kenbe timoun nou yo an sekirite.

Sensèman,



Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo

AMC:ttr
L1059